
Leson 4: Planifye Sèvis ak Aktivite

Ou gen dwa anseye tout leson sa a oubyen separe l an segman ki pi kout. Adapte leson an ak sikonstans ak bezwen lokal ou yo, laj ak konpreyansyon prezidans kowòm oubyen prezidans klas ou a.

SÈVIS AK AKTIVITE KA EDE NOU SUIV SOVÈ A.

Nan jenès Li, Jezikri “te grandi nan sajès ak nan wotè, epi, li te jwenn favè devan Bonye ak devan lèzòm” (Lik 2:52). Mande manm prezidans kowòm ak prezidans klas yo pou yo diskite poukisa sèvis ak aktivite yo enpòtan. Kijan yo kapab ede nou vin plis tankou Sovè a?

NOU KAPAB AKONPLI TRAVAY SENYÈ A LÈ NOU BYEN PLANIFYE

Mande manm prezidans yo pou yo revize prensip yo ki nan [Enstriksyon pou Sèvis ak Aktivite pou Jèn yo](#). Fè yo itilize [Planè Pou Sèvis ak Aktivite](#) a pou ede yo fè yon lis kèk ide sèvis ak aktivite ki suiv prensip sa yo. Mande yo pou yo planifye youn nan aktivite sa yo plis andetay avèk [Plan Detaye pou Sèvis ak Aktivite a](#). Nan yon reyinyon prezidans nan lavni, mande yo pou yo revize aktivite yo fè deja yo ak kijan yo te gen siksè, dapre prensip ki nan [Enstriksyon pou Sèvis ak Aktivite pou Jèn yo](#).

RESOUS YO POU SIPÒ

- Ide pou sèvis ak aktivite nan ChildrenandYouth.ChurchofJesusChrist.org
- *Manyèl Enstriksyon Jeneral: Sèvi nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo*, chapit 20, ChurchofJesusChrist.org